



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

AVI N° 01/2018/PRAE/PROGRAD/PROINT-UNILA, NAN 21 DE MAIO DE 2018.

Etabli epi regle pwosesis pou seleksyon etidyan Latino ak Karayibeyen, eksepte Brezilyen, pou antre nan Inivèsite Federal pou Entegrasyon Amerik Latín - UNILA, pou ane 2019 lan.

Universidade Federal da Integração Latino-Americana (UNILA) (Inivèsite Federal pou Entegrasyon Amerik Latín) nan se yon Inivèsite **piblik, gratis ki gen de lang** ki gen relasyon ak Ministè Edikasyon Brezilyen, epi ki rekonèt li, ki lokalize nan vil Foz de Iguaçu, nan depatman Paraná. Inivèsite ya gen misyon pou li propaje edikasyon akademik e sitwayen pou entegrasyon Amerik Latín, apati devlopman rejyonal, echanj kiltirèl, syantifik e edikasyonèl nan Amerik Latín ak Karayib la.

UNILA rekonèt dwa pou edikasyon kòm yon dwa debaz pou moun, ki baze nan atik. 26 Deklarasyon Inivèsèl pou Dwa Moun (1948) ak kloz X, Atik 4 Lwa N° 13,445/2017, ki garanti dwa ak edikasyon piblik, e entèdi diskriminasyon ki baze sou nasyonalite ak estati imigrasyon, UNILA rekonèt dwa edikasyon kòm youn nan dwa moun ki primòdyal. Se konsa, apati Pró-Reitoria de Relações Institucionais e Internacionais (PROINT) (Prokektora pou Relasyon Enstitisyonél e Entènasyonal) e pandan li konsidere lalwa brezilyen, an patikilye N° 12,189/2010, N° 12,711/2012 ak 9394/1996 epi règleman pwòp li yo, espesyalman Rezolisyon COSUEN N° 02/2018, rann piblik avi seleksyon ki etabli epi regle pwosesis seleksyon etidyan Latino ak Karayibeyen, eksepte Brezilyen, pou antre dèklas jiska 708 (sèt san uit) plas nan 29 (ventnèf) kou yo inivèsité UNILA, pou ane 2019 lan.

Pwosesis seleksyon avi sa ya, ap genyen kòm prensipal enstriman pou klasifikasyon aalyasyon pèfòmans akademik kandida yo nan analiz relve nòt eskolè yo. Pwosesis seleksyon an antyeman gratis, kandida yo pap gen pou peye okenn taks.

1. KONDISYON

1.1 Ou ka aplike pou youn nan kou inivèsité UNILA ya si selman nan moman enskripsyon yan ou repòn ak kondisyon sa yo:



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

- a) Pa gen nasyonalite brezilyen, menm si se binasyonal;
- b) Fin fè tout klas segondè oswa yon fòmasyon ki ekivo l nan yon peyi ki pa Brezil;
- c) pa gen lyen aktif ak UNILA; e
- d) Dwe omwen gen dizuit lane (18) oswa ap gen dizuit (18) lane jouk 15 Fevriye 2019.

1.2 Ou ka aplike pou youn nan kou inivèsité UNILA ya si'w se Latino oubyen Karayibeyn eksepte Brezilyen, ke, nan moman enskripsiyan yan reponn ak **omwen youn** nan kondisyon sa yo:

- a) Gen nasyonalite legal nan youn nan peyi Amerik Latín nan ak Karayib lan, ke daprè Anèks III ya, gen kòm lang ofisyèl Panyòl; **OSWA**
- b) Gen nasyonalite legal nan youn nan peyi Amerik Latin nan ak Karayib lan, ke daprè Anèks III a, pa gen kòm lang ofisyèl Panyòl men ki genyen sètifikasyon entènasyonal pou montre konpetans nan Lang panyòl (CELU oswa DELE) oswa nan Pòtigè (Celpe -Bras); **OSWA**
- c) Gen nasyonalite legal nan youn nan peyi Amerik Latin nan ak Karayib lan daprè Anèks III ya , ki ap viv Brezil pou pi piti sis (6) mwa.

2. REZÈVASYON PLAS

An konfòmite ak Rezolisyon N° 02/2018 COSUEN nan avi sa ya rezève jiska 50% (senkant pouzan) plas pa kou.

2.1 Ou ka aplike pou youn nan plas yo kandida ki: i) fé tout klas segondè yo oswa yon fòmasyon ki ekivol nan leko leta gratis; ii) ki prouve ke li nan sitiasyon sosyoekonomik vilnerab, an konfómite ak Anèks IV; iii) vilnerabilite imanitè oswa kondisyon refijye;

2.2 Nan moman enskripsiyan yan, kandida ya dwe deklare opsyon li pou konpetisyon rezèv plas ; **Sèlman Paragraf Sa.** Kandida ki gen enskripsiyan li rejte pou plas rezèv yo, y'ap konsidere enskripsiyan li pou plas nan gwo konpetisyon yan, jan avi sa a etabli ya.

3. ETAP REGISTREMAN AK ENSKRIPSYON

Etap pwosesis seleksyon an se: 1) registreman ak enskripsiyan, 2) apwovasyon enskripsiyan an (eliminatwa), 3) aalyasyon pèfòmans akademik (etap eliminatwa ak klasifikasyon), 4)



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

klasifikasyon, 5) piblikasyon rezulta yo, 6) Konfimasyon enterè pou chak kou (eliminawa) ak 7) apwovasyon rezulta final yo, dapre Anèks V lan.

3.1 Registreman E enskripsyon pou pwosesis seleksyon sa a dwe fèt sèlman pa kandida ya sou entenèt, nan fòmilè ki nan sistèm Entegrasyon pou Jesyon Aktivite akademik (Sistema Integrado de Gestão de Atividades Acadêmicas SIGAA) nan andrès: https://sig.unila.edu.br/sigaa/public/selecao/lista_processos_seletivos.jsf;

3.1.1 Registreman an fèt yon sèl fwa, epi dwe fèt pa kandida a nan SIGAA ;

3.1.2 Apre rejistreman an kandida a va fè enskripsyon an avek idantifyan yan ;

3.1.3 Dokiman ki gen plis pase yon fèy dwe anekse nan yon sèl dosye.

3.2 Nan ka ke yon kandida ta enskri plis ke yon fwa, se dènye enskripsyon yan y'ap konsidere;

3.3 Pou enskripsyon yan kandida a dwe anekse nan Fòmilè Elektwonik Enskripsyon yan (nan SIGAA) dijitalize dokiman sa yo nan fòm *Portable Document Fòm* (PDF):

3.3.1 Fèy Deklarasyon (Anèks I ki nan Avi sa);

3.3.1.1 Pou enskripsyon yan kandida ya dwe: enprime, byen ranpli an Pòtigè oswa Panyòl epi, siyen ak pwòp men li Fòmilè Deklarasyon an, nan ka ke se yon minè, moun ki responsab li legalman an va siyen.

3.3.2 Dokiman idantite oswa Paspò (menm dokiman ki enfòme nan fòmilè elektwonik lan);

3.3.3 Ak nesans oswa ak maryaj ki gen dat e kote kandida a fèt, de preferans avèk filiyasyon (non papa ak manman, si genyen);

3.3.3.1 Nan peyi kote ki pa gen batistè, nou ap aksepte kopi idantite oswa paspò, ki gen dat nesans e kote kandida a fèt, de preferans avèk filiyasyon (non papa a ak manman, si genyen);

3.3.4 Sètifika oswa diplòm fen etid segondè ki pwouve kandida a pat etidyé Brezil;

3.3.4.1 Nan peyi kote ki pa gen Sètifika oubwen diplòm fen etid segondè kandida ya ka ranplase li pa yon Deklarasyon ki soti nan enstitisyón kote li etidyé ya, oswa yon istorik ki ka sèvi kòm sètifika.

3.3.5 Istorik eskolè tout klas segondè yo oswa yon ekivalan, ki gen lis kou yo ak nòt yo diran tout klas segondè yo, dapre Anèks VIII lan;

3.3.5.1 Nou ap aksepte rezulta Egzamen Nasyonal ki ekivo ak klas segondè yo, nou ap avalye yo daprè oryantasyon enstitisyón ki livre li a.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

3.3.6 Kandida ki chwazi patisipe nan seleksyon plas rezèv yo dapre pati 2 Avi sa ya ta dwe prezante **omwen youn** nan dokiman sa yo:

- a)** Pou kandida ki sòti nan lekòl piblik: dokiman ki sètifye ke enstitisyon kote li te etidye a piblik epi gratis;
- b)** Pou kandida ki nan sistiyasyon sosyoekonomik vilnerab: dokiman ki sètifye kondisyon sila a, dapre Anèks IV lan;
- c)** Pou kandida ki nan kondisyon vilnerabilite imanitè oswa kondisyon refijy: e nenpòt dokiman ki sètifye kondisyon sila yo.

§ 1º Kandida yo kapab bay nenpòt lòt dokiman ki ka pwouve kondisyon sa yo ki nan pwen a) ak b) a;

§ 2º Dokiman ki gen plis pase yon sèl fèy yo dwe anekse nan yon sèl dosye.

3.4 Sètifica, deklarasyon, diplòm, ak lòt dokiman istorik, ekri an Panyòl, anglè oswa franse, yo pa bezwen tradiksyon;

3.4.1 Dokiman ki nan yon lòt lang, ki pa sa ki site la yo dwe anekse ak yon tradiksyon sèmante nan youn nan lang ki site yo.

3.5 Apre enskripsyon nan Fòmilè Elektwonik lan, kandida yo dwe enprime, epi sere vèsyon an PDF lan kòm prèv enskripsyon an;

3.6 Nou pap ekzije okenn kandida pou li legalize dokiman nou mande yo pou enskripsyon an, tout fwa kandida a ap reponn ak penalite sivil e kriminèl pou sinsérité tout enfòmasyon yo ak otantisite tout dokiman li soumèt yo;

3.7 Nan ka kandida a ta jistifye absans youn nan dokiman yo mande yo, kandida a ka soumèt dokiman jistifikasyon an, pa yon prèv legal ke otorite gouvènman an, konsila, lapolis oswa enstitisyon akademik la ap bay;

3.7.1 An oken ka nou pap aksepte dokiman ki pa lizib, ki enkonplè, ki gen rati ouswa san yo pa siyen korèkteman.

3.8 UNILA pap responsabilize li pou enskripsyon, konfirmasyon oswa nenpòt lòt aksyon sou entènèt ki fin realize akoz nenpòt pwoblèm teknik oswa echèk nan teknoloji enfòmasyon ki nan transmisyon done, komunikasyon, konpòtman inatandi, pwoblém nan liny komunikasyon, oubyen nenpòt lòt faktè ki anpeche transfè done yo;

3.9 Enskripsyon kandida ya enplique konesans ak akseptasyon règ ak kondisyon ki tabli nan Avi sa ya ak legislasyon brezilyen yan, konsa kandida ya papka inyore lide sa yo.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS

4. ENSKRIPSYON POU ÈD POU ETIDYAN

4.1 Se kandida ki fè enskripsiyon pou plas rezèv yo kap kapab patisipe nan Pwogram Èd pou Etidyan Unila daprè paragraf 2 ak 3 ya;

4.2 Kantite plas pou chak èd gen rapò ak bidjè inivèsite ya;

4.2.1 Pami enskripsiyon ki bon yo, kandida yo ap jwen repons pou èd selon lòd klasifikasyon an;

4.2.2 Kandida ki pa jwenn repons pou èd ap rantre nan yon lis datant, valab jiska 30/11/2019, kote yo ka jwen repons pozitif ou negatif pou èd la selon bidjè UNILA;

4.2.3 Etidyan ki pa genyen diplòm inivèsitè deja ap genyen priyorite nan moman klasifikasyon yan.

4.3 Pou avi sa a èd pou etidyan yo ap disponib nan kategori sa yo:

a) Èd pou Lojman: Destine pou finans pasyèlman depans pou lojman pou etidyan Unila yo ki, pou kòz etid lan oblige ret lwen lakay yo. Pou èd sa etidyan an ou fanmi li pa ka posede pwòp kay yo, oubyen kay ki lwe oswa ke yo fè yo kado nan vil Foz do Iguaçu. Èd lan ap disponib nan fòm Sibvansyon Finansye nan kantite lajan R\$ 300.00 (twa san real) chak mwa UNILA ap depoze nan yon kont bankè ki sèlman sou non etidyan an;

b) Èd alimantasyon: Destine pou finans pasyèlman depans pou alimantasyon etidyan UNILA yo, ki ap disponib nan fòm Sibvansyon Finansye nan kantite lajan R\$ 300.00 (twa san real) chak mwa UNILA ap depoze nan yon kont bankè sèlman sou non etidyan yan. Pou èd sa ya etidyan yan pa ka gen yon lòt kalite èd pou zafè manje;

c) Èd Transpò: Li ap disponib an kredi chak mwa sou *Cartão Único* (Kat bis) pou transpò nan vil la ki koresponn ak de pasaj transpò (ale, retou) pou etidyan pa jou lekòl, selon kalandriye akademik UNILA . Èd sa pa destine ak etidyan ki genyen pwòp mwayen de transpò pa yo tankou machin oswa motosiklèt.

4.4 Li entèdi disponibilize èd pou lojman a kandida ki posede viza fwontyè;

4.5 Èd ki disponib nan Avi sa ya destine ak etidyan ki pa Brezilyen e ki seleksyoné nan PLAS REZÈV YO, dapre paragraf 3.3.6 lan;

4.6 Enskripsiyon nan Pwogram Èd pou Etidyan Unila a dwe fèt selman pa etidyan enterese ya nan fòmilè elektwonik lan, nan INSCREVA, nan adrès sa ya: <https://inscreva.unila.edu.br/> pandan peryòd 14 Jen 2018 a 22 jiye 2018;

4.6.1 Enskripsiyon ki fèt apre dat limit lan epi pa e-mail pape gen valè.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

4.7 Peryòd validite Pwogram Èd pou Etidyan UNILA ya ap koresponn ak tan minimòm pou finalize kou etidyan an enskri an;

4.7.1 Nan ka ke etidyan an fè *Reopção* (chanje kou) èd lan ap kontinye, sepandan, se nonb de tan ke li fè nan premye kou an ki ap konsidere pou kontaj tan maksimòm pou resevwa èd lan;

4.7.2 Nan ka ke etidyan an fè yon nouvèl antre etidyan an ap gen pou patisipe, si genyen, nan novo pwoesis seleksyon pou èd e se nonb de tan ke li fè nan premye kou an kap konsidere pou kontaj tan maksimòm pou resevwa èd lan;

4.8 Antretyen èd lan kondisyone sou kritè akademik sa yo:

- i)** Realize aktivite akademik kou yo, kenbe *Índice de Rendimento Acadêmico* (IRA) (nòt general) pa mwens ke sis (6);
- ii)** Fè tout kou yo regilyèman, san fèmen dosye, omwen kat konpozan pwogram etid kou an, pa semès, pandan li respekte pwojè pedagojik lan;
- iii)** Pa double nan plis pase de matyè pou mwayèn pandan de semès youn deyè lòt;
- iv)** Gen omwen 75% prezans nan chak matyè, sa vle di etidyan an pa sipoze double pou absans.

4.9 Etidyan ki seleksyone pou èd la dwe suiv kondisyon ki etabli nan *Pró-Reitoria de Assuntos Estudantis* (Prorektora Zafè Etidyan) e nan Avi sa a;

4.10 Apre seleksyon an etidyan an pral gen tan detemine ke nou ap anonse pou siyen Deklarasyon Angajman konsènan èd ke li ap resevwa ya;

4.10.1 Sinyati Deklarasyon Angajman konsènan Èd Lojman ak Èd Alimantasyon sijè a prezantasyon:

a) kopi senp kont bankè aktif ki louvri nan nenpòt ki bank nan peyi Brezil sou non etidyan an, li ka yon katon kont kouran oswa kont *epagne* eksepte modalité nan kont salè ak nenpòt kont nan Bank SICRED;

b) kopi senp CPF.

4.11 Etidyan ki seleksyone pou Èd lojman, ap genyen, aprè sinyati Deklarasyon Angajman yan, yon peryòd de swasant (60) jou pou pote kontra lokasyon kay sou non li (pote kontra orijinal la oswa kopi legal) oswa Deklarasyon locatè a, si kontra a pa nan non etidyan an. Dokimantasyon sa ya se kondisyon pou Èd Lojman nan fòm sibvansyon finansye. Si etidyan an pa pote dokiman yo jiska tan limit lan, li ap sispann resevwa èd lojman an otomatikman;

4.12 Si w pa siyen fèy tèm kondisyon nan delè yo mete wap pèdi èd la otomatikman;



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

- 4.13** Sa enpotan pou etidyan konnen tout kritè sibvansyon èd la, dwa yo ak satisfè obligasyon ki gen rapò ak règleman sou asistans elèv nan invèsite ya;
- 4.14** Elèv yo dwe ale nan PRAE pou siyen tèm / kondisyon, oubyen ale nan reyinyon ke ekip pwofesyonèl miltidisiplinè PRO-REKTE ya nan dat ki make nan komunikasyon enstitisyonèl;
- 4.14.1** Chak mwa, aprè etidyan resevwa èd la, li dwe ale nan resepsyon PRAE jiskaske jou ki ven (20) nan mwa pou li ka siyen resi pou èd asistans elèv yo;
- 4.14.2** Siw pa siyen resi èd lan nan dat yo mete ya.ou pap resevwa mwa pwochen yan, e menm si ou ta regle sa, yo pap peye mwa ou pat siyen yan.
- 4.15** Premye pèman èd la dwe fèt sèlman aprè etidyan yan fin fè enskripsyón, epi siyen tèm kondisyon ak Angajman, soumèt yon kopi CPF ak kont labank aktif nan Brezil dapre atik 4.10.1;
- 4.16** Nenpòt lè, yo konstate ke etidyan vyole règleman yo nan pwogram nan, oubyen genyen iregilarite nan dokiman yo ak enfòmasyon yo bay la, èd la ka anile, epi yo pral voye pou revizyon ak pran mezi apwopriye ak aksyon legal;
- 4.17** Patisipasyon etidyan sa nan pwosesis seleksyon sa a enplike epi aksepte san restriksyon tout kondisyon ki etabli nan dokiman sa a;
- 4.18** Siw deside fe yon apèl ak rekou poul admisib fok entèrese an ekri nan adrès sa a: <https://inscreva.unila.edu.br/> pandan peryòd sa nan 03/09/2018 juska 10/09/2018;
- 4.19** Aprè rezulta final pap genyen rekou.
- 4.20** Nenpòt Kesyon konsènan enskripsyón pou asistans etidyan dwe adrese dirèkteman nan adrès elektronik sa a: prae@unila.edu.br

5. ETAP EVALIYASYON

- 5.1** Etap evaliyasyon, pwosesis klasifikasyon ou byen elimine;
- 5.2** Pou chak kandida nan kesyon yo pral kalkile mwayèn nan senp nan matyè ekivalan a nan lekòl segondè nan peyi l selon Anèks VIII, epi, kote sa aplikab, an akò ak atik 6;
- 5.3** Kandida ki na analiz ap klase nan pami sa ki genyen pi gwo nòt, pou chak kou epi chak peyi;
- 5.4** Klasifikasyon yan kòmanse pa kandida nan premye opsyon kou lè fin itilize, yap pran kandida dezyèm opsyon kou;



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

5.5 Nan ka ta gen yon menm kantite vòt, nap pral konsidere kòm aritmetik senp sa vle di nan sijè ou matyè ki gen rapò ak diplòm kandida epi kou li chwazi oubyen nap aplike lwa jan anèks VII menm kantite vòt la pèsiste yo pral aplike lejislasyon ki enpòtan.

6. POU KOU MIZIK

6.1 Kou Mizik ap aksentye sou de pwen, Rechèch nan Mizik ak pratik mizikal, kote pratik mizikal ap divize an senk (5) fòmasyon espesifik (Chante, Kreyasyon mizik, Pèkisyen, Pyano ak Gita), plas ki vid pou moun ki pa brezilyen yo ap distribye nan fason sa a: de (2) plas pou anfaz sou rechèch; ak onz (11) pou anfaz pratik mizikal: kap distribiye konsa 2 (de) nan chante, twa (3)plas pou Pèkisyen, de (2) plas pou pyano, de (2) plas pou Gita ak de (2) plas pou kreyasyon mizikal;

6.1.1 Pou kandida ka byen pwofite plas ki disponib yo, Komite Egzekitif pou seleksyon kandida, kapab apwouve kandida ya nan anfaz li chwazi ou byen nan anfaz ke komite a endike.

6.2 Kandida ki entrese nan yon plas pou kou mizik, anplis de sa ki di nan pwen 3 ta dwe endike ki anfaz li chwazi epi soumèt yon lèt motivasyon pou jistifye chwa li;

6.2.1 Moun ki enterese pou anfaz nan pratik mizikal yo ta dwe endike ki fòmasyon yo vle etidyé tankou Chante, Pèkisyen, Pyano, Gita oswa Kreyasyon Mizikal;

6.2.2 Lèt motivasyon an ta dwe jistifye chwa kandida fè pou anfaz/ fòmasyon epi enfome eksperyans ak konesans mizikal kandida;

6.2.3 Enterese nan anfaz sou rechèch mizikal dwe fè konnen nan lèt la nan ki sektè li ta remen fè rechèch pandan tout kou mizik;

6.2.4 Pou ka nan Kou mizik kandida ta dwe tou prezante, Anèks II diman ranpli epi siyen ak yon vidéyo tankou atik 6.3. dil.

6.3 Kandida yo ki enterese nan **Kou Mizik** dwe anekse yon vidéyo ke li entèprete poukont li oswa an gwoup) omwen twa diferan estil mizikal dapre enstriksyon sa yo:

6.3.1 Nan vidéyo sa, se pou kandida ya prezantel, deklare non li, anfaz / fòmasyon li vle an, non otè mizik li pral intèprete ya;

Sèl Paragrapf Sa. Nan vidéyo kandida a voye dwe parèt tout kòl omwen 50% (senkant poustan) nan tan maksimòm.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

6.3.2 Videyo a ta dwe pa gen montaj oswa pwoblèm son;

6.3.3 Videyo a ta dwe gen yon dire de 5 ak 10 minit maksimòm, dwe nan foma .avi a, .MPEG, .flv oswa mp4, epi yo gen yon gwosè maksimòm de 150 megabit (MB);

Sèl Paragrapf Sa. Yo pap evalye videyo ki depase plis ke 10 minit.

6.3.4 Kandida ki entèrese nan fòmasyon tankou Chante, Pyano, Gita ak Pèkisyon dwe ekzekite mizik ak enstriman fòmasyon li chwazi. Tout kandida ki jwe mizik nan video ak enstriman diferan de sa li te chwazi na fomile enskripsyon ap elimine;

6.3.5 Pou fòmasyon nan chante, yo pap admet mizik ki chante nan koral oubyen nan gwoup);

6.3.6 kandida ki entèrese nan fòmasyon kreyasyon mizikal ta dwe soumèt yon videyo ki gen twa mizik sou nenpòt enstriman, omwen li ta dwe konpoze youn, kandida ki enterese ka konpanye nòt mizikal konpozisyon l', si jije apwopriye;

6.3.7 Kandida ki enterese sou rechèch mizikal ka jwe mizik li chwazi sou nenpòt enstriman.

6.4 Komite egzekitif pou seleksyon, ki fòme ak pwofesè mizik nan enstitisyon an, ap evalye videyo epi ap konsidere kritè sa yo:

- a)** Pou moun ki chante: teknik domèn vwa sou faktè tankou amoni, kadens vwa, pwèstans, respirasyon ak kontwòl son;
- b)** Pou moun ki jwe enstriman, ajilite ak enstriman tankou amoni ak pwestans epi kontwol son;
- c)** Konesans nan domèn espresif tankou pawòl, atikilasyon, ekspresyon.

6.5 Chwa kandida nan kou mizik ap etabli sou analiz jan yo fè konnenl nan lot atik yo, plis sou kapasite espesifik avek lèt motivasyon;

6.6 Evalyasyon espesifik pral genyen rapò sou klasifikasyon ki gen pou wè ak pèfòmans akademik kandida, ke manb komite seleksyon oubyen komisyón yo nome pou objektif sa;

6.7 Nòt vídeyo ya dwe ajoute nan mwayèn an jeneral senp nan kou yo chwazi ki ekivalan ya nan lekòl segondè nan peyi w', sèlman pou klasifikasyon nan kou Klas Mizik.

7. ETAP KONFIMASYON



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

7.1 Etap konfimasyon genyen rapò ak eliminatwa, ki konpoze e deklare kondisyon ke UNILA etabli pou yo genyen yon plas;

7.2 Kandida yo pral rele yo e yo ta dwe fè yon konfimasyon pou plas nan **SIGAA** daprè imèl yo resevwa epi nan dat sa prevwa nan konogram nan .

7.2.1 Yon kandida ka klasifye pou tou lè de opsyon kou li te enskri a;

Sèl Paragrapf Sa. Lèw konfime youn nan opsyon kou ou seleksyone. Ou pèdi lot lan otomatikman.

7.2.2 Siw pa konfime oubien chwazi kou yo seleksyone ou a nan orè ak dat limit pou fè wap pèdi plas la;

7.2.3 Nenpòt lè kandida deside abandone inivèsite li dwe enfòme PROINT.

8. ENSKRIPSYON

8.1 Pou fè enskripsiyan an, kandida ki konfime e apwouve epi dwe swiv pwosedi ki etabli nan kominike ke Pró-Rektè Gradyasyon pibliye;

8.2 Dokiman ki nesesè pou enskripsiyan:

a) Dokiman idantite peyi ou soti ya epi akonpaye ak yon kopi (Paspò ka konsidere kòm yon dokiman idantifikasiyon);

b) Yon foto identifikasiyon 3x4;

c) CPF (lyen pou jwenn aksè nan paj enskripsiyan yan)

<<http://www.receita.fazenda.gov.br/Aplicacoes/ATCTA/CpfEstrangeiro/defaultesp.htm>>)

Ou kapab mande CPF a tou nan reprezantasyon diplomatik brezilyen yo;

d) Aplikasyon viza nan paspò ya oswa nenpòt ki lòt dokiman ki montre ke kandida sa legal yo nan Brezil, epi ki gen posibilite pou etidye nan peyi Brezil, **eksepte viza touris**;

e) Orijinal batistè oswa ak maryaj ki genyen dat nesans ak kote kandida fèt de preferans sa ki rapòte (non papa a ak manman, si genyen), ki pa dwe genyen okenn tach epi ki lizib, akonpanye ak kopi;

f) Diplòm reto ak filo ki siyen pa otorite responsab;

g) Sètifica releve de nòt kandida ki siyen pa otorite responsab;

h) Fich ki prouve adrès kay ou nan peyi ya deklare nan moman enskripsiyan nan peyi kote kandida ya ap viv la.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

8.2.1 Dokiman yo mande nan atik **E**, ak **F** dwe legalize;

8.2.1.1 Kandida genyen jiska 3 semès pou li remèt diplòm ak sètifikasi fen detid legalize, kòmanse konte depi sou dat enskripsiyan yan. oswa ka genyen sanksyon tankou li ka pèdi plas li;

8.2.1.2 akdenesans la dwe legalize pouw ka fè swivi pou rezidans pèmanan nan peyi Brezil.

8.3 Li ta nesesè pou kandida prezante nan moman enskripsiyon dokiman sa yo:

- a)** Sètifikasi medikal sante fizik ak mantal si kandida ya soufri maladi kwonik oswa ap resevwa kèk kalite tretman;
- b)** Kat vaksinasyon;
- c)** Deklarasyon gwoup sangen.

8.3.1 Siw pa soumèt dokiman sa yo ki di nan atik 8.3 sa pa vle di yap eliminew pou sa.

9. DISPOZISYON FINAL

9.1 UNILA pa gen reprezentan ni rekonèt intemedyè pou pwosesis seleksyon sa, selman nan Foz Iguazu, PR – Brezil;

9.2 UNILA ap bay tit ak moun ki merite, epi bay diplòm ke ministè edikasyon brezil rekonèt;

9.2.1 Tout diplòm UNILA bay dwe revalide epi legalize nan akò ak ekzijans chak lwa peyi etidyan;

9.2.2 Diplòm gradyason ka revalide BREZIL si ka aplikab.

Sèl Paragraf Sa. dokiman legalizasyon fen detid dwe fèt 3 semès komanse konte sou dat enskripsiyon an.

9.3 Aprè etidyan fini enskri lap gen dwa pou fè konpetisyon pou bous rechèch syantifik rechèch, ak ekstansyon, daprè règleman yo, ke UNILA pibliye;

9.4 Etidyan yo otorize pou fe staj, aktivite rechech ekstansyon, mobilite akademik daprè règleman;

9.5 Yon etidyan gen dwa mande chanjman nan kou, depil satisfè kritè yo ak règleman pou pwosedi ke UNILA etabli;



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

9.6 Tout etidyan yo ka enskri nan Sistèm único de Saúde - SUS- ki se sistèm piblik sante

brezilyen ki grâatis. Akizisayon asirans entènasyonal pa obligatwa;

9.7 Relasyon etidyan ak UNILA ak kanpe nan ka yon etidyan fini ak kou epi gradye, oswa si yo ranvwayel selon nom inten inivesite ya;

9.8 Tout enfòmasyon ke kandida a bay dwe veridik pou pwosesis sa a, oswa li gen dwa pou

reponn ak aksyon sivil ak kriminèl pou sinsérité la ak otantisite ya nan tout dokiman li soumèt;

9.9 Yo ka elimine nan pwosesis seleksyon yan nenpòt ki lè, oubyen renvwaye nan enstitisyon an, menm si deja enskri kandida a oswa etidyan ke yo idantifye nan pwosesis la:

a) Enkonsistans ak pwosedi domaj;

b) Fo dokiman oswa enfòmasyon ak / oswa nenpòt fason ilegal;

c) Siw respekte youn nan atik.

9.10 Tout enfòmasyon konsènan pwosesis seleksyon sa a dwe ofisyèlman pibliye selon orè a, nan sit PROINT

(https://unila.edu.br/documentos/combine=&field_rg_o_respons_vel_tid=142&field_tipo_tid=All&field_errata_value=All);

Sèl Paragraf Sa. Se responsablite total kandida pou kontwole avansman pwosesis la nan sit UNILA ak e-mail elektronik li t anrejistre nan enskripsyon an.

9.11 A nenpòt ki moman nan pwosesis seleksyon oswa inskripsyon yo kapab mande kandida plis enfòmasyon oswalot dokiman;

9.12 Ka yo pa site yo ap rezoud pa manb komite a.

Foz do Iguaçu, 21 Me 2018.

Ana Paula Araujo Fonseca
Pró-Reitora de Assuntos Estudantis
Universidade Federal da Integração Latino-
Americana

Vanessa Gabrielle Woicolesco
Pró-Reitora de Graduação *em exercício*
Universidade Federal da Integração Latino-
Americana

Diana Araujo Pereira
Pró-Reitora de Relações Institucionais e
Internacionais *em exercício*
Universidade Federal da Integração Latino-
Americana



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

**ANÈKS I
FOMILE DEKLARASYON**

Siyati: _____ Non: _____

*Dat nesans: ____/____/____

Nimewo dokiman idantite: _____
Infomasyon pesonel yo dwe menm ak sa ki nan fomile enskripsyon.

DEKLARASYON

1. Deklare mw genyen nasyonalite _____ e map viv _____
2. Mwen deklare kem konprann panyòl ak / oswa Potigè
3. Mwen te li epi konprann Piblikasyon Nimewo EDITAL N° 01/2018/PRAE/PROGRAD/POINT-UNILA ak anèks li yo, ki disponib nan yon vèsyon Panyòl, epi aksepte tout kondisyon sa yo make ladan l'poum ka patisipe nan pwoesis lan.
4. Mwen angaje poum peye peye tout frè dokiman ak anrejistreman, osi byen ke tikè ale retou nan Brezil ak retounen lakay mw , na ka mwe ta jwenn yon plas disponib

Kom tout enfomasyon mwen soumt yo verite , mwen deside siyen ak pwop volonte mwen.

_____, ____ nan _____, de 2018.

Siyen la



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

ANÈKS II

FÒMILÈ ENSKRIPSYON POU KANDIDA KOU MIZIK LAN

1. Anfaz Preferans

2. Lèt de prezantasyon

Konpoze yon lèt isit la anba atik 6, prezante, jistifye endikasyon nan preferans pou anfaz ak rapò eksperyans ak konesans ou genyen nan domèn mizik.

Siyen la



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

ANÈKS III

LIS PEYI

Lis peyi peyi ki gen nasyonalite yo kouvri pa avi sa a, ki endike egzijans pou prèv konpetans lengwistik (Pòtigè oswa Panyòl) oswa rezidans, ak sitiyasyon peyi a nan Konvansyon **Feyè Haia**.

Peyi	OU dwe soumèt konpetans oswa prèv kote ou rete? *	Li se yon siyatè nan Konvansyon an Feyè Haia? **
Antigua e Barbuda	Wi	Wi
Ajantin	Non	Wi
Bahamas	Wi	Wi
Barbados	Wi	Wi
Belize	Wi	Wi
Bolivi	Non	Wi
Chili	Non	Wi
Kolonbi	Non	Wi
Costa Rica	Non	Wi
Kiba	Non	Non
Dominik	Wi	Wi
El Salvador	Non	Wi
Ekwatè	Non	Wi
Grenad	Wi	Wi
Gwatemala	Non	Wi
Giyàn	Wi	Non
Ayiti	Wi	Non
Ondiras	Non	Wi
Jamaika	Wi	Non



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

Meksik	Non	Wi
Nikaragua	Non	Wi
Panamá	Non	Wi
Paragwe	Non	Wi
Perou	Non	Wi
Republik Dominikèn	Non	Wi
Saint Lucia	Wi	Wi
São Cristóvão e Nevis	Wi	Wi
Saint Vincent E Grenadines	Wi	Wi
Sirinam	Wi	Wi
Trinidad ak Tobago	Wi	Wi
Irigwe	Non	Wi
Venezyela	Non	Wi

* Kandida sitwayen peyi ki make kòm repons lan se wi, yo dwe demontre konpetans oswa rezidans, an akò ak atik 1 nan anons sa a.

** Kandida sitwayen ke peyi make kòm repons lan se wi, li ka al gade dokiman an ki nan konvansyon **Feyè** Haia ke li ta dwe prezantel.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

**ANÈX IV
DOKIMAN KI PWOUVE VILNERABILITE SOSYOEKONOMIK**

Lis dokiman ki pwouve vilnerabilite sosyoekonomik yo dwe aksepte pou seleksyon kandida pou rezèvasyon plas yo.

Peyi	Deskripsiyon nan dokiman
Antígua e Barbuda	People's Benefit Programme
Ajantin	Receber ou estar cadastrado: - Asignación Universal por Hijo (AUH) - Programa de Respaldo a Estudiantes de Argentina (PROG.R.ES.AR) - Programa Nacional de Becas Universitarias (PNBU) - Programa Nacional de Becas del Bicentenario (PNBB) - Ayudas escolares y becas de los estados provinciales o municipales - Seguro de Capacitación y Empleo
Bayamas	- National Lunch Programme - Food Assistance for Persons With Disabilities - Assistance For Payment of Utilities.
Belize	Building Opportunities For Our Social Transformation Initiative
Bolívia	- Proyecto Plan Vida - Bono Juancito Pinto
Chili	- Ficha de Protección Social (FPS) - Chile Solidario
Kolonbi	- Certificado SISBÉN - Red Unidos - Jóvenes en acción - Familias em Acción
Costa Rica	- Avancemos - Cuido y Desarrollo Infantil - FIS (Ficha de Información Social) - SIPO (Sistema de Información de la Población Objetivo)
Dominik	Basic Needs Trust Fund
El Salvador	- Comunidades Solidarias Rurales -Programa de Apoyo Temporal al Ingreso - Pensión Básica Universal - Programa de agricultura familiar - Acceso y mejoramiento de vivienda
Ekwatè	Bono de Desarollo Humano
Grenad	Support for Education, Empowerment and Development Programme
Gwatemala	- Mi Bolsa seguro - Mi Bono Seguro - Comedores seguros
Ayiti	Ti Manman Cheri
Ondiras	- Vida Mejor - Registro único de participantes



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

Jamayika	Programme of Advancement Through Health and Education
Meksik	- Programa de Atención a Jornaleros Agrícolas - Programa Seguro de Vida para Jefas de Familia - Prospera
Paragwe	- Receber ou estar cadastrado no programa Tekoporã
Perou	- Classificação SISFOH (Sistema de Focalización de Hogares) - Estar cadastrado no Programa Juntos
Republik Dominikèn	- Progresando con Solidariedad - Estar cadastrado no Censo del Sistema Único de Beneficiarios (SIUBEN)
Sen Vensan ak Gwenadin	Nutrition Support Programme
Irigwe	Tarjeta Uruguay Social
Venezyel	Gran Misión Hijas e Hijos de Venezuela

* Pou peyi ki pa nan lis ka dwe soumèt dokiman ki pwouve kondisyon sosyoekonomik yo nan vilnerabilite, ki analize pa Bank seleksyon an, se UNILA kap detèmine akseptasyon ou pa.

** Lòt dokiman ki pa parèt sou lis sa a kapab prezante e analize pa Bank Seleksyon an, men se UNILA kap detèmine aksepte li ou pa.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

**ANÈKS V
KWONOGRAM**

ETAP	DAT OSWA peryòd *
Piblikasyon edital la	21/05/2018
Peryòd Enskripsiyon	21/05/2018 a 22/07/2018
Peryòd Enskripsiyon pou konpetisyon sou èd elèv yo (Enskripsiyon atravè: https://inscreva.unila.edu.br)	04/06/2018 a 22/07/2018
Peryòd Chanjman nan Enskripsiyon yo	28/07/2018 a 08/02/2018
Prolonjman Enskripsiyon	03/08/2018
Peryòd pou <i>rekou</i> nan prolonjman enskripsiyon yo	08/04/2018 a 08/08/2018
Piblikasyon rezulta a pou <i>rekou</i> nan prolonjman enskripsiyon yo	08/10/2018
Piblikasyon final nan prolonjman enskripsiyon yo	08/10/2018
Piblikasyon pwovizwa klasifikasiyon jeneral la	08/24/2018
Peryòd rekou nan klasifikasiyon jeneral pwovizwa ya	25/08/2018 a 29/08/2018
Piblikasyon rezulta rekou nan klasifikasiyon pwovizwa a	08/31/2018
Piblikasyon jeneral klasifikasiyon final	08/31/2018
Premye apèl	31/08/2018



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

Peryòd konfirmasyon premye chwazi apèl	31/08/2018 a 09/09/2018
Piblikasyon klasifikasyon pwovizwa nan èd elèv yo	03/09/2018
Peryòd apèl sou klasifikasyon pwovizwa èd elèv	03/09/2018 a 10/09/2018
Dezyèm apèl	09/10/2018
Peryòd konfirmasyon dezyèm apèl	10/09/2018 a 16/09/2018
Piblikasyon klasifikasyon final la pou èd Elèv	13/09/2018
Twazyèm apèl	17/09/2018
Peryòd konfirmasyon twazyèm apèl	17/09/2018 a 23/09/2018
Katriyèm apèl	24/09/2018
Peryòd konfirmasyon katriyèm apèl	24/09/2018 a 30/09/2018
Senkyèm apèl	01/10/2018
Peryòd konfirmasyon senkyèm apèl	01/10/2018 a 07/10/2018
Sizyèm apèl	08/10/2018
Peryòd konfirmasyon Sizyèm apèl	08/10/2018 a 10/14/2018
Setyèm apèl	15/10/2018
Peryòd konfirmasyon setyèm apèl	15/10/2018 a 21/10/2018



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

Wityèm apèl	22/10/2018
Peryòd Konfirmasyon wityèm apèl	22/10/2018 a 28/10/2018
Piblikasyon rezulta final	31/10/2018
Rapèl ak Apèl konplemantè	01/11/2018 a 15/01/2019
Kou espesifik de kapasitasyon sou entènèt	Y'ap gentan konfime dat la
Konvokasyon moun ki abite nan peyi Brezil	16/01/2019 15/02/2019
Pwobab dat enskripsyon pou moun ki pa brezilyen ***	Pwevwa: Fevriye 2019
Pwobab dat la kou yo ap kòmanse***	Pwevwa: nan kòmansman mwa Mas 2019

(*) Orè a ka chanje.

(**) Tout limit tan ap fini 23:59 GMT la.

(***) Kalandriye akademik la ka jwenn sou sit Unila a: www.unila.edu.br



**MINISTÈRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS
ANÈKS VI**

KOU, PERYÒD, DIRE AK PÒS KI VID NAN KOU

Kou	Peryòd	Ane*	Plas
Bakaloreya			
Administrasyon Piblik ak Règleman Piblik	Nan nwit	5	Jiska 25
Antwopoloji - Kiltirèl Divèsite Amerik Latin	Aprè midi	4	Jiska 25
Achitekti ak urbanisme	Tout jounen	5	Jiska 15
Biotechnoloji	Tout jounen	5	Jiska 25
<u>Syans Byolojik - Ekoloji ak biodiversite</u>	Tout jounen	5	Jiska 25
<u>Syans ekonomik - ekonomi, entegrasyonak devlopman</u>	Tout jounen	4	Jiska 25
<u>Politik Syans ak sosyoloji - Sosyete, Eta ak Politik nan</u>	Aprè midi	4	Jiska 25
<u>Amerik Latin nan</u>			
Odyovizuèl ak Cinema	Tout Jounen	4	Jiska 25
Devlopman riral yo ak Sekirite Manje	Aprè midi	4	Jiska 25
Jeni sivil ak Enfrastrikti	Tout jounen	5	Jiska 25
Jeni enèji	Tout jounen	5	Jiska 25
Jeni Fizik	Tout jounen	5	Jiska 25
Jeni materyèl	Tout jounen	5	Jiska 25
Chimik Jeni	Tout jounen	5	Jiska 25
Jewografi - Teritwa ak Sosyete nan Amerik Latin nan	Aprè midi	4	Jiska 25
Istwa - Amerik Latin	Nan nwit	4	Jiska 25
Lèt - Arts ak Kiltirèl Medyasyon	Nan nwit	4	Jiska 25
Medikaman	Tout jounen	6	Jiska 30
Mizik	Tout jounen	4	Jiska 13
Entènasyonal Relasyon ak Entegrasyon	Aprè midi	4	Jiska 25
Kolektif sante	Tout jounen	4	Jiska 25
Sèvis sosyal	Nan nwit	5	Jiska 25
BAKALOREYA			
Natirèl Syans: Byoloji, Fizik ak Chimi	Nan nwit	4	Jiska 25
Filozofi	Nan nwit	4	Jiska 25
Jewografi	Nan nwit	4	Jiska 25
Istwa	Nan nwit	4	Jiska 25
Lèt - Panyòl ak Pòtigè kòm yon lang etranje	Nan nwit	4	Jiska 25
Matematik	Nan nwit	5	Jiska 25
Chimi	Nan nwit	5	Jiska 25

(*) Tan minimòm pou kou a fini an ane



**MINISTÈRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

**ANÈKS VII
Matyè KI GEN RAPÒ AK KOU YO**

KOU BAKALOREYA	
KOU	DISIPLIN KI GEN RAPÒ
Administrasyon Piblik ak Règleman Piblik	Jewografi - Panyòl - Istwa - Pòtigè
Antwopoloji - Kiltirèl Divèsite Amerik Latin	Filozofi - sosyoloji
Achitekti ak urbanisme	Istwa - Matematik
Biotechnoloji	Biyoloji - Chimi - Matematik
<u>Syans Byolojik - Ekoloji ak biodiversite</u>	Biyoloji - Chimi - Matematik
<u>Syans ekonomik - ekonomi, entegrasyonak devlopman</u>	Panyòl - Istwa - Matematik - Pòtigè
<u>Politik Syans ak sosyoloji - Sosyete, Eta ak Politik nan Amerik Latin nan</u>	Filozofi - sosyoloji
Odyovizuèl ak Cinema	Panyòl - Pòtigè
Devlopman riral yo ak Sekirite Manje	Jewografi - Biyoloji
Jeni sivil ak Enfrastrikti	Fizik - Matematik
Jeni enèji	Fizik - Matematik
Jeni Fizik	Chimi - Fizik - Matematik
Jeni materyèl	Chimi - Fisi ca - Matematik
Chimik Jeni	Chimi - Fizik - Matematik
Jewografi - Teritwa ak Sosyete nan Amerik Latin nan	Jewografi - Istwa - sosyoloji
Istwa - Amerik Latin	Jewografi - Istwa - sosyoloji
Lèt - Arts ak Kiltirèl Medyasyon	Panyòl - Pòtigè
Medikaman	Biyoloji - Chimi - sosyoloji
Mizik	Panyòl - Istwa - sosyoloji
Entènasyonal Relasyon ak Entegrasyon	Jewografi - Istwa - sosyoloji
Kolektif sante	Biyoloji - Chimi - sosyoloji
Sèvis sosyal	Filozofi - sosyoloji



**MINISTÈRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

BAKALOREYA	
KOU	DISIPLIN KI GEN RAPÒ
Natirèl Syans: Byoloji, Fizik ak Chimi	Byoloji - Chimi - Fizik - Matematik
Filozofi	Filozofi - Istwa - sisyoloji
Jewografi	Jewografi - Istwa - sisyoloji
Istwa	Jewografi - Istwa - sisyoloji
Lèt - Panyòl ak Pòtigè kòm yon lang etranje	Panyòl - Pòtigè
Matematik	Chimi - Fizik - Matematik
Chimi	Chimi - Fizik - Matematik



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

**ANÈKS VIII
ANSÈYMAN SEGONDÈ AK NIMEWO ANE EKIVALAN**

Tablo 1. Lis peyi yo, nasyonalite, nimewo ane ekivalan a lekòl segondè nan peyi Brezil, idantifikasyon echantiyon ak kantite karaktè, nan lang Panyòl.

Nº	PEYI	SEGONDÈ *	NÒT EKIVALANS
1	Ajantin	1ye ane, 2yèm ak 3yèm ane Polimodal (Aktyèl) oswa 3°, 4° ak 5° secundário ¹ 6 (Ansyen)	0-10
2	Bolivi	2°;3yèm ak 4yèm ane ansèyman Segondè oswa 4yèm, 5° ak 6yèm Segondè ansèyman Segondè ¹	0-70 0-100
3	Chili	2°; 3° ak 4° ansèyman Segondè ¹	0-70
4	Kolonbi	10 ak 11. Ed Segondè ²	0-5 0-10
5	Costa Rica	1° ak 2° Branch akademik oswa atistik oswa 1°, 2° ak 3° branch Teknik	0-100
6	Kiba	4(10°), 5(11°) e 6 (12 °) oswa 4 (10 °), 5 (11 °) 6 oswa 7 (Edikasyon teknolojik)	0-100
7	El Salvador	1° ak 2° ane edikasyon segondè (sik divèsifye) oswa 1ye, 2yèm ak 3yèm edikasyon segondè (Bach Vokasyonèl Teknisyen)	0-10
8	Ecuador	1°, 2° ak 3° ane ansèyman Segondè	0-10 0-20
9	Gwatemala	1ye ak 2yèm Bakaloreya oswa 1ye ane, 2yèm ak 3yèm Fòmasyon pwofesyonèl	0-100
10	Ayiti	Rétho ak Philo	0-1400 0-1700
11	Ondiras	1ye ak 2yèm sik divèsifye (bakaloreya) 1ye, 2yèm ak 3yèm (Kous, SM, PM, PC)	0-100



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA
PRÓ-REITORIA DE RELAÇÕES INSTITUCIONAIS E INTERNACIONAIS**

12	Meksik	1°, 2° ak 3° ane ansèyman Segondè	0-10 0-100
13	Nikaragwa	1ye ak 2yèm sik divèsifye (bakaloreya) 1ye, 2yèm ak 3yèm sik diversifiée (Fòmasyon teknik)	0-100
14	Panama	10yèm, 11yèm ak 12yèm ane ansèyman Segondè ³ oswa 1, 2 ak 3 segondè sik (bakaloreya)	0-5
15	Paraguay	1ye, 2yèm ak 3yèm ane ansèyman Segondè (Aktyel a) oswa 4, 5 ak 6 Bakaloreya (Ansyen)	0-5
16	Perou	3yèm, 4yèm ak 5yèm ane ansèyman Segondè ²	0-20
17	Republik Dominikèn	1°, 2°, 3° ak 4° ansèyman Segondè ³	0-100
18	Irigwe	4, 5 ak 6 C. Bakaloreya	0-12
19	Venezyela	4 ak 5 ane ansèyman Segondè Gral. oswa 1, 2 ane Edikasyon divèsifye e pwofesyonèl.	0-20

* Nimewo ane edikasyon segondè ekivalan ak lekol segondè brezilyen an